

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)

# DÉZIÈM PATI

## Sélébrasion mistè krétyin-an

---

### DÉZIÈM SÉKSION

#### Sèt sakréman l'Égliz-la

---

#### PRÉMIÉ CHAPIT

#### Sakréman inisiasion krétyin-yo

---

#### ATIK 3

#### *Sakréman Ékaristi-a*

1322            Sint Ékaristi-a sé konklizion inisiasion krétyin-an. Moun-yo ki lévé  
1212            nan dignité sasèrdòs rouyal-la palintèmèdiè Batèm-nan épi ki vîn  
                  konfòmé ak Kris-la pi afon palintèmèdiè Konfirmasision-an, yo patisipé ak  
tout kominoté-a nan sakrifis Grammèt-la palintèmèdiè Ékaristi-a.

1323            « Sovè nou-an, nan dènié Soupé-a, nan nuit yo t-ap rînmèt li-a, té  
                  établi Sakrifis Ékaristik Kò-li ak San-li, koté li fè Sakrifis Koua-a toujou  
                  prezàn sièk apré sièk joustan li rétounin, li fè sa tou pou-l kapab konfié  
                  l'Égliz-la, Épouz li rinmin-an, mémorial Lanmò-li ak Réziréksion-li:  
1402            sakréman piété-a (*sacramentum pietatis*), sign unité-a, lyin charité-a,  
                  résépsion fèt Pak-la koté nou nourì ak Kris-la, espri-nou vîn ranpli ak  
lagras-la épi yo ba nou garanti gloua k-ap vini-an » (SC 47).

### I. Ékaristi-a – sous épi pouint tèt lavi l'Égliz-la

1324            Ékaristi-a sé sous épi pouint ki pi ro nan tout lavi krétyin-an (LG 11).  
864            « Lòt sakréman-yo minm, minm jan ak tout ministè ékléziastik-yo épi  
                  travay apostola-a, yo an rapò séré ak Ékaristi-a épi yo fèt pou minnin  
ladan-l. Nan Trè Sint Ékaristi-a réyèlman gin tout byin spirituèl l'Égliz-la,  
sètadi Kris-la li-minm, Pak nou-an » (PO 5).

- 1325            « Kominion lavi Bondié-a épi unité pèp Bondié-a ki fè l'Égliz-la  
 775            égzisté-a, sé Ékaristi-a ki signifié-l kòrèktéman épi ki réalisé-l yon fason  
 ékstraordinè. Nan li gin pouint-tèt aksion Bondié nan Kris-la pou sanktfié  
 moun-yo avè-l sou tè-a épitou kult moun-yo prezanté bay Kris-la épi,  
 palintèmèdiè-l nan Éspri-Sin-an, bay Papa-a » (CdR, instr. "Eucharisticum  
 mysterium" 6).
- 1326            Anfin, palintèmèdiè sélébrasion ékaristik-la nou déjà fè youn ak litiji  
 1090            sièl-la épitou nou kòmansé davans (antisipé) lavi pou tout tan-an koté  
 « Bondié ap tout bagay nan tout moun » (cf. 1 Co 15, 28).
- 1327            Yon fason pi kout, Ékaristi-a sé rézimé épi kondansé lafoua nou-an :  
 1124            « Fason nou pansé-a akòdè ak Ékaristi-a, épi sou bò pa-l Ékaristi-a  
 konfirmé fason nou pansé-a » (S. Irénée, hær. 4, 18, 5).

## II. Kòman yo rélé sakréman sa-a ?

- 1328            Richès sakréman sa-a yo pa kapab fîn éksploré-a éksprimé nan diféran  
 non yo ba li-yo. Chak nan non sa-yo raplé youn nan aspè li-yo. Yo rélé-l :  
 2637            Ékaristi paské li sé yon aksion-d-gras pou Bondié. Mo sa-  
 1082            yo *eucharistein* (Lc 22, 19 ; 1 Co 11, 24) épi *eulogein* (Mt 26, 26 ; Mc 14,  
 1359            22) raplé bénédikcion Juif-yo – sitou pandan y-ap manjé – ki proklamé  
 travay Bondié-yo : kréasion-an, Rédanmsion-an épi sanktifikasian-an.
- 1329            *Soupé Granmèt-la* (cf. 1 Co 11, 20) paské sé *Soupé* sa-a Granmèt té  
 1382            pran avèk disip li-yo lavèy li t-apral soufri-a, épi sé antisipasian *résépsion*  
*nòs Mouton-an* (cf. Ap 19, 9) nan Jéruzalèm sièl-la.
- 790            Kasé pin-an paské rit sa-a, ki pròp pou Juif-yo lè y-ap manjé, Jézu té  
 anplouayé-l lè-l té bénî pin-an épi distribué-l tankou mèt tab-la (cf. Mt 14,  
 19 ; 15, 36 ; Mc 8, 6. 19), sitou nan dènié *Soupé*-a (cf. Mt 26, 26 ; 1 Co  
 11, 24). Sé gras a jès sa-a disip-yo ap rékonèt li apré Résziréksion-l nan  
 (cf. Lc 24, 13-35), épi sé ak ékspréssion sa-a prémié krétyin-yo ap dézigné  
 asanblé ékaristik yo-a (cf. Ac 2, 42. 46 ; 20, 7. 11). Konsa yo vlé di tout  
 moun ki manjé yon sèl pin-an ki kasé-a, Kris-la, yo antré nan kominion  
 avèk li épi sé yon sèl kò yo vîn fòmé nan li (cf. 1 Co 10, 16-17).
- 1348            Asanblé ékaristik (*synaxis*) paské Ékaristi-a ki sélébré nan asanblé  
 fidèle-yo, sé ékspréssion vizib l'Égliz-la (cf. 1 Co 11, 17-34).
- 1330            *Mémorial* soufrans ak reziréksion Granmèt-la.  
 1341
- Sakrifis ki sin-an, paské li fè sèl sakrifis Kris Sovè-a vîn aktuèlman  
 prézan épi paské li gin ofrann l'Égliz-la ladan-l ; oubyin tou sin *Sakrifis*

2643            *Mès-la, « sakrifis louanj » (He 13, 15 ; cf. Ps 116, 13. 17), sakrifis  
614            spirituèl (cf. 1 P 2, 5), sakrifis ki pròp (cf. Ml 1, 11) épi ki sin, paské li  
akonpli épi li dépasé tout sakrifis Ansyin Alians-la.*

1169            *Sint é divîn Litiji, paské tout litiji l'Égliz-la jouinn pouin santral-li épi  
éksprésion-1 ki gin plis intansité nan sélébrasion sakréman sa-a ; nan  
minm sans-la tou yo rélé-l sélébrasion mistè ki sin-yo. Yo palé tou osijè  
Trè Sin Sakréman-an paské sé sakréman tout sakréman-yo. Non sa-a  
désigné espèce ékaristik-yo yo konsèvé nan tabènak-la.*

1331            *Kominion, paské sé palintèmèdiè sakréman sa-a nou fè youn ak Kris-  
la, ki fè nou patisipé nan kò-l ak san-l pou nou fòmé yon sèl kò (cf. 1 Co  
950            10, 16-17) ; yo rélé-l tou bagay ki sin-yo : ta hagia ; sancta (Const. Ap. 8,  
948            13, 12 ; Didaché 9, 5 ; 10, 6) – sé prémié sans « kominion sin-yo », sa  
1405            Sinbòl Apot-yo palé dé li-a –, pin anj-yo, pin sièl-la, rémèd pou pa janm  
mouri-a, (S. Ignace d'Antioche, Eph. 20, 2), viatik-la (manjé pou rout-  
la)...*

1332            *Sint Mès-la paské litiji koté mistè sové-a akonpli-a, li fini antan-l voyé  
849            fidèl-yo an mision, pou yo kapab réalisé volonté Bondié nan lavi chak  
jou-a.*

### **III. Ékaristi-a nan Dispozision pou sové nou-an (Économie du salut)**

#### **Sign pin-an ak divin-an**

1333            Nan kè sélébrasion Ékaristi-a gin pin-an ak divin-an ki vîn tounin kò  
1350            ak san Kris-la pa pouvoua paròl Kris-la épi invokasion Éspri-Sin-an.  
Antan-l rété fidèl nan kòmandman Grammèt-la, nan fè sonjé-l épi jous lè  
la rétounin nan gloua-a, l'Égliz-la kontinué fè sa Kris-la li-minm té fè  
lavèy jou li t-apral soufri-a : « Li pran pin... », « Li pran kalis-la ki plin ak  
frui rézin-an... ». Sign pin-an ak divin-an, lè yo vîn tounin kò ak san Kris-  
la yon fason ki sékrè, yo kontinué indiké bonté kréasion-an tou. Konsa  
1147            nan Ofètoua-a, nou rann Kréatè-a gras poutèt pin-an ak divin-an (cf. Ps  
1148            104, 13-15), frui « travay moun-nan », min tou anvan kòm « frui tè-a » épi  
« pié rézin-an », donk kado Kréatè-a. L'Égliz-la ouè nan jès Mèlkisédèk,  
roua épi prêt, ki té poté « pin ak divin »-an (Gn 14, 18) yon préfigiraison  
pròp ofrann li-an (cf. MR, Canon Romain 95 : "Supra quæ").

1334            Nan Ansyin Alians-la, pin-an ak divin-an, nan pamí prémié donn tè-a,  
1150            yo té ofri yo kòm sakrifis, tankou sign rémèsiman aléga Kréatè-a. Min li  
1363            vîn résévoua yon nouvo signifikasyon tou nan kontèks Égzòd-la : Pin san  
lévin-an, sa Israël té konn manjé chak ané nan fèt Pak-la, té fè sonjé jan sé

byin vit yo té soti Éjip pou yo té ka libéré ; rapèl lamàn dézè-a ap toujou fè Israël sonjé sé ak pin Paròl Bondié-a li viv (cf. Dt 8, 3). Anfin, pin chak jou-a sé frui Tè yo té promèt-la, gaj fidélité Bondié nan promès li-yo. « Kalis bénédiksion-an » (1 Co 10, 16), alafin manjé fèt Pak Juif-yo, té ajouté sou kè kontan divin fèt-la yon aspè éskatolijik, tann y-ap tann rétablisman mésianik Jéruzalèm-nan. Jézu té établi Ékaristi li-a antan-l bay bénédiksion pin-an ak kalis-la yon nouvo sans ki définitif.

1335 Mirak multiplikasion pin-yo, lè Granmèt-la té di bénédiksion-an, li té  
 1151 kasé pin-yo épi li té distribué-yo pou nourri disip li-yo ak foul-la, préfigiré débòdman kantité sèl pin Ékaristi li-a (cf. Mt 14, 13-21 ; 15, 32-39). Sign dlo-a ki chanjé tounin divin nan Kana-a (cf. Jn 2, 11) té déjà anonsé Lè glorifikasion Jézu-a. Li manifésté akonplisman résépsion nòs-la nan Rouayòm Papa-a, koté fidèl-yo ap bouè divin nouvo-a (cf. Mc 14, 25) ki vîn tounin san Kris-la.

1336 Prémié anons Ékaristi-a té divizé disip-yo, minm jan anons soufrans li-  
 a té skandalisé yo-a : « Paròl sa-a rèd, ki moun ki kapab tandé-l ? » (Jn 6,  
 60). Ékaristi-a épi koua-a sé ròch skandal yo yé. Sé minm mistè-a épi li pa  
 sispann okazion divizion. « Èské nou minm tou nou vlé pati ? » (Jn 6,  
 67) : késion sa-a Granmèt-la pozé-a ap rézonnan nan chak épòk, tankou  
 1327 yon invitasion rinmin li-an pou yo dékouvri sé li minm sèl ki gin « paròl  
 lavi tout tan-an » (Jn 6, 68) épi résévoua kado Ékaristi li-a nan lafoua sé  
 résévoua li-minm minm.

### **Institision Ékaristi-a**

1337 Granmèt-la, kòm li té rinmin moun pa-l yo, li té rinmin yo jouskalafin.  
 610 Antan-l konnin lè-a rivé pou-l travèsé sot sou tè sa-a pou-l rétounin kot  
 Papa-l la, pandan l-ap manjé-a, li té lavé pié yo épi li té ba yo kòmandman  
 rinmin-an (cf. Jn 13, 1-17). Pou-l kapab kité yon gaj rinmin sa-a, pou-l pa-  
 t janm alé louin yo épi pou-l té fè yo patisipé nan Pak li-a, li institué  
 611 (établi) Ékaristi-a pou fè sonjé lanmò li-a ak Réziréksion-l nan, épitou li  
 pasé Apot li-yo lòd pou yo sélébré-l joustan li rétounin, « lè sa-a li fè yo  
 tounin prêt Nouvo Téstaman-an » (Cc. Trente : DS 1740).

1338 Toua Évanjil sinoptik-yo épi sin Pòl transmèt nou istoua ki rakonté  
 institision Ékaristi-a ; sou bò pa-l, sin Jan rapôté paròl Jézu-yo nan  
 sinagòg Kafarnaòm-nan, paròl sa-yo k-ap préparé institision Ékaristi-a :  
 Kris-la dézigné pròp tèt-li kòm pin lavi-a, ki désann sot nan sièl-la (cf. Jn  
 6).

1339 Jézu té chouazi tan Pak-la pou-l akonpli sa-l té anonsé Kafarnaòm-  
 1169 nan : li té gin pou-l bay disip li-yo kò-l ak san-l :

« Jou Pin san lévin-yo rivé ; sé jou sa-a yo té gin pou sakrifié Pak-la. Jézu  
 voyé Piè ak Jan, li di : “Alé, préparé Pak-la pou nou, dékoua pou nou  
 manjé”. Yo minm minm, [...] y-alé, [...] yo préparé Pak-la. Lè lè-a rivé,

Jézu atablé, épi apot-yo avèk li. Li di yo : “Sé pa ti kras anvi mouin té anvi manjé Pak sa-a avèk nou, anvan-m soufri-a. Mouin di nou réyèlman, mouin pap manjé-l, joustan li réalisé nan péyi-roua Bondié-a”. [...] Épi antan-l pran pin-an, li rann gras, li kasé-l, li ba yo, antan-l di : “Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an : fè sa pou nou fè sonjé-m”. Minm jan-an tou pou kalis-la, lè-l fin manjé, antan-l di : “Sa-a sé Kalis nouveau téstaman-an nan san-m nan, ki vidé pou nou-an” » (Lc 22, 7-20 ; cf. Mt 26, 17-29 ; Mc 14, 12-25 ; 1 Co 11, 23-26).

1340 Antan l-ap sélébré dènié Soupé-a avèk Apot li-yo pandan manjé fèt Pak-la, Jézu bay Pak Juif-la yon sans définitif. Réyèlman vré, pasaj Jézu pou-l al jouinn Papa-l palintèmèdiè Lanmò-l ak Résiréksion-l nan, sètadi nouveau Pak-la, li viv li davans (antisipé-l) nan Soupé-a épi li sélébré-l nan Ékaristi-a ki akonpli Pak Juif-la épi ki anonsé davans (antisipé) Pak final l'Égliz-la nan gloua Rouayòm-nan.

### **« Fè sa pou nou fè sonjé-m »**

1341 Kòmandman Jézu pasé pou yo répétré jès ak paròl li-yo « joustan li vini » (1 Co 11, 26), pa égzijé sèlman pou sonjé Jézu épi sa-l té fè-a. Li prévoua sélébrasion litijk *mémorial* Kris-la palintèmèdiè Apot-yo épi siksésè yo, *mémorial* lavi li-a, lanmò li-a, Résiréksion-l nan épi intèrsésion-an bò kot Papa-a.

611 1342 Dépi nan kòmansman, l'Égliz-la té fidèl nan lòd sa-a Granmèt-la té ba li-a. Osijè l'Égliz Jérusalèm-nan yo té di :

2624 « Yo minm yo té pèsévré nan ansègnman Apot-yo, nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyè-yo. [...] Chak jou tou antan yo pèsévré ansanm nan tanp-la, épi antan yo séparé pin-an lakay yo, yo té konn pran manjé-a avèk kontantman ak yon kè sinp » (Ac 2, 42. 46).

1343 Sé sitou « nan prémié jou apré saba-a », sètadi jou Dimanch-la, jou 1166, 2177 réziréksion Jézu-a, krétyin-yo té konn rasanblé « pou kasé pin-an » (Ac 20, 7). Dépi tan sa-a jous nan jou nou-yo, yo kontinué fè sélébrasion Ékaristi-a yon fason pou jodi-a nou jouinn li toupatou nan l'Égliz-la ak minm strikti fondamantal-la. Li rété kòm pouin santral lavi l'Égliz-la.

1344 1404 Konsa pèp Bondié-a ki an pélérinaj, ap anonsé mistè Paskal Kris-la « joustan-l vini » (1 Co 11, 26), sot nan yon sélébrasion al nan yon lòt, antan l-ap avansé « sou chémin jinnin koua-a » (AG 1) pou-l al nan résépsion sièl-la koté tout moun yo chouazi-yo pral chita sou tab Rouayòm-nan.

## IV. Sélébrasion litijik Ékaristi-a

### Mès-la nan tout sièk-yo

1345 Apati dézièm sièk-la nou gin témoagnaj sin Justin, mati, osijè lign fondamantal déroulman sélébrasion ékaristik-la. Yo rété minm jan-an jous jodi-a pou gran fanmi litijik-yo. Min kisa-l té ékri alantou ané 155 pou anprè payin-an Antonin le Pieux (138-161) kapab konnin sa krétyin-yo ap fè :

« Épi jou yo rélé jou Solèy-la tout moun ki rété nan vil-yo oubyin nan kanpagn-yo vîn réyini yon sèl koté.

Épi yo li mémoua Apot-yo oubyin sa Profèt-yo té ékri-yo, nan mézi gin tan pou sa.

Apré sa, lè léktè-a sispann, moun k-ap prézidé-a avèti ak paròl épi invité pou imité bèle bagay sa-yo.

Apré sa nou tout lévé ansanm épi nou vidé priyè » (S. Justin, apol. 1, 67) « ni pou nou-minm [...] ni pou tout lòt-yo tout koté [...] pou yo jouinn nou ap travay pou viv kòrèk épi ap obsèvè kòmandman yo, pou nou kapab rivé jouinn lavi pou tout tan-an.

Nou salué youn lòt ak yon bo lè nou fin priyé.

Apré sa yo poté bay sa k-ap prézidé-a pin ak yon godé divin ak dlo.

Li résévoua yo épi li fè louanj ak gloua monté anlè pou Papa inivè-yo pa pouvoua non Pitit-la épi Éspri-Sin-an épi li fè aksion-d-gras (an grèk : *eucharistian*) byin long, poutèt li té fè nou mérité kado sa-yo.

Apré priyè-yo ak aksion-d-gras-yo fini, tout pèp-la ki la dakò aklamé antan-l di : *Amèn*.

[...] Apré réyèlman moun k-ap prézidé-a fin fè aksion-d-gras épi tout pèp-la dakò aklamé, moun yo rélé diak lakay nou-yo bay pin ak divin épi dlo-a ki « ékaristizé »-yo bay chak moun ki preznan k-ap patisipé épi yo poté bay sa-k absan-yo » (S. Justin, apol. 1, 65).

1346 Litiji Ékaristi-a déroulé dapré chapant fondamantal ki konsèvé rivé jouinn nou atravè sièk-yo. Li déplouayé nan dé gran moman ki byin fè youn ansanm :  
 – rasanbléman-an, *litiji paròl-la*, avèk léktu-yo, oméli-a épi priyè inivèsèlla ;  
 – *litiji ékaristik-la*, avèk prezantasion pin ak divin-an, aksion-d-gras konsékrasion-an épi kominion-an.

<sup>103</sup> Litiji paròl-la ak litiji ékaristik-la fòmé ansanm « yon sèl akt kult » (SC 56) ; réyèlman vré, tab yo préparé pou nou nan Ékaristi-a sé an minm tan tab Paròl Bondié-a épi tab kò Granmèt-la (cf. DV 21).

<sup>1347</sup> Èské la-a sé pa minm mouvman ki ginyin ak manjé fèt Pak Jézu résisité-a avèk disip li-yo ? Antan y-ap maché, li ékspliké yo Ékritu-yo, apré sa antan-l lonjé atab avèk yo : « Li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo » (cf. Lc 24, 13-35).

### Mouvman sélébrasion-an

<sup>1348</sup> *Tout moun rasanblé.* Krétyin-yo vini rasanblé nan minm koté-a pou <sup>1140</sup> asanblé ékaristik-la. Nan li Kris-la li-minm gin plas prinsipal-la, paské sé li-minm ki ajan prinsipal Ékaristi-a. Li sé Prèt an chèf Nouvo Alians-la. <sup>1548</sup> L-ap prézidé tout sélébrasion ékaristik yon fason invizib. Réprésantan-l, Évèk-la oubyin prêt-la (k-ap aji *in persona Christi Capitis*) prézidé asanblé-a, apré léktu-yo li fè prèch-la, li résévoua kado-yo épi li di priyè ékaristik-la. *Tout moun* patisipé aktivman nan sélébrasion-an, chak moun nan fason pa-l : léktè-yo, moun k-ap poté ofrann-nan, moun k-ap distribué kominion-an, épi pèp-la toutantié ki manifésté patisipasion-l ak Amèn-nan.

<sup>1349</sup> *Litiji paròl-la* impliké « sa Profèt-yo té ekri » sètadi Ansyin Téstaman-an épi « mémoua Apot-yo », sètadi lèt yo épi évanjil-yo ; apré prèch-la ki ankourajé pou résévoua paròl sa-a pou sa-l yé vrèman-an, Paròl Bondié-a (cf. 1 Th 2, 13), épi pou mété-l an pratik, gin intèsésion-yo ki suiv pou tout moun, dapré paròl Apot-la : « Mouin mandé toudabò pou yo pèsisté kot Bondié, pou yo priyé, pou yo fè démann, pou yo di mèsi, pou tout moun : pou roua-yo ak tout moun ki nan yon plas ki ro » (1 Tm 2, 1-2).

<sup>1350</sup> *Prézantasion kado-yo* (ofètoua-a) : lè sa-a, pafoua ak yon prosésion, yo poté pin-an ak divin-an sou otèl-la koté prêt-la, nan non Kris-la, ofri Sakrifis ékaristik-la, koté yo vîn tounin kò ak san-l. Sé minm jès Kris-la nan dènié Soupé-a, « antan-l pran pin-an ak kalis-la ». « Sé l'Égliz-la sèlman ki poté ofrann pròp sa-a dévan Kréatè-a, antan sé sa-k sot nan kréatu-l yo li ofri-l avèk aksion-d-gras » (S. Irénée, hær. 4, 18, 4 ; cf. Ml 1, 11). Prézantasion kado-yo sou otèl-la reprann jès Mèlkisédèk-la épi li rimmèt kado Kréatè-a nan min Kris-la. Li-minm, nan sakrifis li-a, li fè tout éfò moun-nan fè pou ofri sakrifis rivé nan pèfeksyon yo.

<sup>1351</sup> *Dépi* nan kòmansman, krétyin-yo poté, ansanm ak pin-an ak divin-an pou Ékaristi-a, kado pa-yo tou pou patajé ak sa-k nan békouin-yo. Abitud *ranmasé kète* sa-a (cf. 1 Co 16, 1), toujou aktuel épi li inspiré nan égzanzp Kris-la ki té fè pròp tèt-li pòv pou-l kapab fè nou rich (cf. 2 Co 8, 9) :

« Sa-k rich-yo épi ki vlé, libréman, yo chak bay dapré sa yo ouè, épi sa yo ranmasé-a yo dépozé-l koté sa k-ap prézidé-a, épi li-minm li asisté òfelin-yo

ak vèv-yo, épi sa yo ki nan bézouin poutèt maladi oubuin lòt kòz, épi sa-k prizonié-yo, étranjé ki vini yo résévoua-yo, anfin sé li ki pran souin tout moun ki nan bézouin » (S. Justin, apol. 1, 67, 6).

1352      *Anafòr-la* (Anaphore) : avèk priyè ékaristik-la, sètadi avèk priyè aksion-d-gras épi konsékrasion-an, nou rivé nan kè épi pouint ki pi ro sélébrasion-an :

Nan *préfas-la* l'Égliz-la rann Papa-a gras palintémédiè Kris-la nan Éspri-Sin-an poutèt tout sa-l fè-yo, poutèt kréasion-an, Rédanmsion-an épi sanktifikasian-an. Lè sa-a tout kominoté-a vîn fè youn ak louanj l'Égliz sièl-la, anj-yo ak tout sin-yo ap chanté san rété pou Bondié ki toua foua Sin-an.

559  
1353      Nan *épiklèz-la*, l-ap mandé Papa-a pou-l voyé Éspri li-a (oubuin puisans bénédikcion-l nan : cf. MR, Canon Romain 90) sou pin-an ak divin-an pou, pa pouvoua-l, yo vîn tounin kò ak san Jézu-Kri, épi pou moun k-ap patisipé nan Ékaristi-a, vîn tounin yon sèl kò ak yon sèl éspri (kèk tradision litijik mété Épiklèz-la apré anamnèz-la).

1375  
1105      Nan *rakonté institision-an*, fòs paròl ak aksion Kris-la, épi puisans Éspri-Sin-an, fè kò-l ak san-l vîn prézan anba éspès pin-an ak divin-an, sakrifis li té ofri yon sèl foua pou tout sou koua-a.

1354      Nan *anamnèz* ki suiv-la, l'Égliz-la raplé soufrans, réziréksion épi rétou Kris Jézu nan gloua-a ; li présenté bay Papa-a ofrann Pitit li-a ki rékonsilié nou avèk li.

Nan *intèsésion-yo*, l'Égliz-la éksprimé Ékaristi-a sélébré an kominion ak tout l'Égliz sièl-la ak tè-a, vivan-yo ak défin-yo, épi an kominion ak Pastè l'Égliz-la, avèk Pap-la, avèk Évêk diosézin-yo, présbitériom-li épi diak li-yo, épi avèk Évêk tout tè-a ansanm ak Égliz pa-yo.

1355      Nan *Kominion-an*, antan priyè Granmèt-la épi kasé pin-an vini anvan, fidèl-yo résévoua « pin sièl-la » épi « kalis k-ap sové yo-a », kò ak san Kris-la ki té rinmèt pròp tèt-li « pou lavi tè-a » (Jn 6, 51) :

Paské pin sa-a ak divin sa-a, dapré ansysin éksprésion-an té « ékaristizé », « yo rélé manjé sa-a lakay nou Ékaristi, sa okinn lòt moun pa gin doua patisipé ladan-l sof si-l kouè ansègnman nou-an sé vérité, épi yo lavé-l pou padon péché-yo épi bingn nouvo nésans-la, épi konsa li viv jan Kris-la té transmèt-la » (S. Justin, apol. 1, 66, 1-2).

## V. Sakrifis sakramantèl-la : aksion-d-gras, mémorial, prezans

1356      Si krétyin-yo ap sélébré Ékaristi-a dépi nan oriјin yo, épi sou yon fòm ki pa chanjé substansièlman nan déroulman épòk-yo ak litiji-yo ki gin

gran diférans, sa rivé poutèt nou konnin sa Granmèt-la té kòmandé-a sé obligation pou nou, antan lavèy jou li t-apral soufri-a li té bay lòd : « Sa-a fè-l pou fè sonjé mouin » (1 Co 11, 24-25).

1357      Lòd sa-a Granmèt-la pasé-a nou akonpli-l antan nou sélébré *mémorial sakrifis li-a*. Antan nou fè sa, nou ofri Papa-a sa li-minm li té ba nou-an : kado kréasion-l nan, pin ak divin-an ki vîn tounin kò ak san Kris-la, pa pouvoua Éspri-Sin-an épi paròl Kris-la : konsa Kris-la vîn *prézan réyèlman* épi yon fason kaché.

1358      Sé poutèt sa nou doué konsidéré Ékaristi-a :  
 – kòm aksion-d-gras épi louanj pou *Papa-a* ;  
 – kòm mémorial sakrifis *Kris-la* épi kò li-a ;  
 – kòm prezans Kris-la pa pouvoua paròl li-a épi *Éspri* li-a.

### Aksion-d-gras épi louanj pou Papa-a

1359      Ékaristi-a, sakréman sa Kris-la té akonpli pou sové nou sou koua-a, sé yon sakrifis louanj ak aksion-d-gras tou poutèt travay kréasion-an. Nan Sakrifis ékaristik-la, tout kréasion-an Bondié rinmin-an vîn prezanté bay Papa-a palintèmèdiè lanmò ak reziréksion Kris-la. Palintèmèdiè Kris-la l'Égliz-la kapab ofri sakrifis louanj an aksion-d-gras poutèt tout sa ki byin, ki bèl, ki kòrèk Bondié té fè nan kréasion-an ak nan ras moun-nan.

1360      Ékaristi-a sé yon sakrifis aksion-d-gras pou Papa-a, sé yon bénédikcion  
 1083      ki fè l'Égliz-la kapab eksprimé rékonésans-li bay Bondié poutèt tout byin li fè-l yo, poutèt tout sa li té réalisé palintèmèdiè kréasion-an, Rédanmsion-an épi sanktifikasion-an. Ékaristi-a vlé di toudabò « aksion-d-gras ».

1361      Ékaristi-a sé yon sakrifis louanj tou, ki fè l'Égliz-la chanté gloua  
 294      Bondié nan non tout kréasion-an. Sakrifis louanj sa-a sé nan Kris-la sèlman li posib : li fè fidèl-yo fè youn avèk li pèsònèlman, youn ak louanj li-a épi intèsesion-l nan, épitou konsa sakrifis louanj bay Papa-a yo ofri-l *palintèmèdiè* Kris-la épi *avèk* Kris-la pou yo résévoua-l *nan* Kris-la.

### Mémorial sakrifis Kris-la épi kò li-a, l'Égliz-la

1362      Ékaristi-a sé mémorial Pak Kris-la, sèl sakrifis li-a ki vîn prezan an akt  
 1103      épi ki tounin ofrann sakramantèl nan litiji l'Égliz-la ki kò li-a. Nan tout priyè ékaristik-yo, apré paròl institision-an nou jouinn priyè yo rélé *anamnèz* sètadi mémorial.

1363      Nan sans Sint-Ékritu-a ba li, *mémorial*-la sé pa sèlman rapèl événman  
 1099      ki pasé-yo, min proklamasion mèvèy Bondié té akonpli pou moun-yo (cf. Ex 13, 3). Nan sélébrasion litijik événman sa-yo, yo vîn prezan épi aktuel

yon sètin fason. Sé konsa Israël konprann libération-l nan sot Éjip : chak foua yo sélébré Pak-la, événman Égzòd-la vîn preznan nan mémoua moun ki kouè-yo pou yo minm yo konfòmè lavi yo avèk li.

1364 Nan Nouvo Téstaman-an, mémorial-la résévoua yon nouvo signifikasyon. Lè l'Égliz-la ap sélébré Ékaristi-a, li fè sonjé Pak Kris-la, ki vîn preznan : sakrifis Kris-la té ofri yon sèl foua pou tout sou koua-a, toujou rété aktuel (cf. He 7, 25-27) : « Chak foua yo sélébré Sakrifis koua-a, koté “Kris-la, Pak nou-an té sakrifié-a” (1 Co 5, 7), travay rédanmsion nou-an réalisé (*exercetur*) » (LG 3).

1365 Paské li sé mémorial Pak Kris-la, Ékaristi-a *sé yon sakrifis tou*.  
2100 Karaktè sakrifis Ékaristi-a manifésté nan paròl institision-an minm : « Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an » épi « Sa-a sé Kalis nouvo téstaman-an nan san-m nan, ki vidé pou nou-an » (Lc 22, 19-20). Nan Ékaristi-a, Kris-la bay pròp kò-l sa-a li té rînmèt sou koua-a pou nou-an, pròp san-l sa-a li té vidé « pou anpil moun pou padon péché-yo » (Mt 26, 28).

1366 Sé poutèt sa Ékaristi-a sé yon sakrifis, paské li *reprézanté* (li fè tounin preznan) Sakrifis koua-a, paské li sé *mémorial*-li épi paské li *apliké* frui li-a :

Kris-la « Bondié ak Granmèt nou-an, [...] té ofri pròp tèt-li yon sèl foua bay Bondié Papa-a sou otèl lakoua-a antan-l intèsédé ak lanmò-l la pou-l kapab réalisé Rédanmsion moun-yo pou tout tan-an : poutan kòm apré lanmò-a sasèrdòs li-a pa t-ap disparèt [He 7, 24. 27], nan dènié Soupé-a, « nannuit yo té rînmèt li-a » (1 Co 11, 23), [li té kité] bay l'Égliz-la, Épouz li rinmin-an, yon sakrifis vizib (jan natu moun-nan égzijé sa), koté sa-l t-apral fè nan san-l ki vidé yon sèl foua sou koua-a t-ap reprézanté épi mémorial-li t-ap rété jous nan finisman sièk-yo (1 Co 11, 23) épitou pouvoua li ginyin pou sové-a t-a apliké pou padon péché n-ap fè chak jou-yo » (Cc. Trente : DS 1740).

1367 Sakrifis Kris-la épi Sakrifis Ékaristi-a sé *yon sèl sakrifis-la* : « Sé yon sèl épi minm viktim-nan, minm-nan y-ap ofri koulié-a ak ministè prèt-la, ak sa-k té ofri pròp tèt li-a lè sa-a sou koua-a, sé sèlman modalité ofrann-nan ki diféran » (Cc. Trente, sess. 22a, *Doctrina de ss. Missae sacrificio*, c. 2 : DS 1743). « Épi poutèt nan sakrifis sa-a ki sot nan Bondié, sa ki fèt nan Mès-la, sé minm Kris-la ki sakrifié ladan-l antan pa gin san ki koulé, li-minm ki sou otèl lakoua-a “té ofri pròp tèt-li antan san-an té koulé-a” [...] sakrifis sa-a sé yon véritab ‘mouayin pou padon-an’ (propitiatoire) » (*ibid.*).

1368 Ékaristi-a sé sakrifis l'Égliz-la tou. L'Égliz-la ki kò Kris-la, patisipé nan ofrann Tèt li-a. Avèk li, li ofri tout li-minm. Li fè youn ak intèssesion-l nan bò kot Papa-a pou tout moun. Nan Ékaristi-a, sakrifis Kris-la vîn tounin sakrifis manb kò-l yo tou. Lavi fidèl-yo, louanj yo, soufrans yo, priyè yo, travay yo vîn fè youn ak Kris-la épi ak ofrann total li-a, épi konsa yo vîn gin yon nouvo valè. Sakrifis Kris-la ki preznan sou otèl-la bay tout jénérasion krétyin-yo possibilité pou yo fè youn ak ofrann li-an.

Nan katakonb-yo, yo réprésanté l'Égliz-la anpil foua kòm yon madam k-ap priyé, ak bra-l yo ouvè nan jès moun k-ap priyé-a. Minm jan ak Kris-la ki té ouvè bra-l yo sou koua-a, palintèmèdiè-l, avèk li épi nan li l-ap ofri pròp tèt-li épi l-ap intèrsédé pou tout moun.

1369            *Tout l'Égliz-la fè youn ak ofrann épi intèrsésion Kris-la. Pap-la* ki  
 834, 882        kinbé ministè Piè-a nan l'Égliz-la, asosié ak tout sélébrasion Ékaristi-a  
 1561            koté yo nonmin non-l kòm sign épi sèvitè unité l'Égliz inivèsèl-la. *Évèk*  
 1566            *koté-a* toujou responsab Ékaristi-a, minm lè sé yon *prèt* k-ap prézidé-l ; yo  
                   sité non-l pou indiké sé li k-ap prézidé Égliz patikilié-a, nan mitan  
                   présbitériom-nan épi ak asistans *diak-yo*. Kominoté-a tou ap intèrsédé pou  
                   tout minis-yo k-ap ofri Sakrifis ékaristik-la pou li épi avèk li :

« Sé pou yo konsidéré Ékaristi sa-a kòm valid, sa-k fèt anba Évèk-la oubyin  
 anba moun li-minm li bay otorizacion » (S. Ignace d'Antioche, Smyrn. 8, 1).

« Palintèmèdiè ministè prèt-yo minm, sakrifis spirituèl fidèl-yo fin réalisé  
 antan-l fè youn ak sakrifis Kris-la, sèl médiatè-a, li-minm yo ofri sakraman-  
 tèlman palintèmèdiè min moun sa-yo, nan non tout l'Égliz-la, nan Ékaristi-a  
 antan san pa koulé, joustan Granmèt-la li-minm vini » (PO 2).

1370            Sé pa sèlman manb ki sou tè-a toujou ki fè youn ak ofrann Kris-la, min  
 956            tou sa-yo ki déjà *nan gloua sièl-la* : l'Égliz-la ofri Sakrifis ékaristik-la an  
 969            kominion avèk trè Sint Vièj Mari épi antan l-ap fè sonjé-l minm jan-an  
                   tout sin-yo gason kon fi. Nan Ékaristi-a, avèk Mari, l'Égliz-la bò kot  
                   koua-a yon sètin fason, li fè youn ak ofrann épi intèrsésion Kris-la.

1371            Yo ofri Sakrifis ékaristik-la tou *pou fidèl défin-yo*, « pou défin nan  
 958, 1689,      Kris-la ki poko fin purifié nèt » (Cc. Trente : DS 1743), pou yo kapab  
 1032            antré nan limiè ak lapè Kris-la :

« Mété [...] kò sa-a ninpòt koté : pa toumanté nou nan anyin pou pran souin-  
 1 ; sèl sa-m mandé nou, sé pou nou sonjé-m kot otèl Granmèt-la, ninpòt koté  
 nou t-a yé » (Sint Monik, anvan-l mouri té di sint Ogustin ak frè-l la sa ;  
 conf. 9, 11, 27).

« Apré [nan anafòr-la] [nou priyé] tou pou sin Pèr-yo ak Évèk-yo ki mouri,  
 épi an jénéral pou tout moun nan pamí nou ki kité lavi-a ; antan nou kouè sa  
 kapab édé nanm sa-yo anpil, lè yo ofri priyè pou yo, pandan viktim ki sin épi  
 k-ap fè nou tranblé nèt-la kouché dévan nou-an. [...] Épi nou-minm nou ofri  
 priyè bay Bondié pou défin-yo, minm si sé péchè yo yé, [...] nou ofri Kris-la  
 yo té sakrifié pou péché nou-yo, antan nou mandé Bondié ki zanmi moun-yo  
 pitié ni pou yo ni pou nou » (S. Cyrille de Jérusalem, catech. myst. 5, 9. 10 :  
 PG 33, 1116B-1117A).

1372            Sint Ogustin té byin rézimé ansègnman sa-a ki pousé nou patisipé yon  
 1140            fason ki toujou pi total nan sakrifis Rédanmtè nou-an, sa nou sélébré nan  
                   Ékaristi-a :

« Tout vil sa-a ki rachté-a, sètadi asanblé ak sosiété sin-yo, [yo ofri-l] bay Bondié kòm sakrifis inivèsèl palintèmèdiè Prèt-la ki gran-an, li-minm ki té ofri pròp tèt-li pou nou nan soufrans-la, pou nou kapab tounin kò kalité Tèt sa-a, dapré kondision ésklav-la. [...] Sa-a sé sakrifis krétyin-yo : “Konsa atout nou anpil-la, sé yon sèl kò nou yé nan Kris-la” (Rm 12, 5). Ak Sakréman otèl-la tou, sa fidèl-yo byin konnin-an, l’Égliz-la fè-l souvan, koté yo montré-l nan réalité l-ap ofri-a, sé li minm minm y-ap ofri » (S. Augustin, civ. 10, 6).

### **Prézans Kris-la pa pouvoua paròl li-a épi Éspri li-a**

- 1373            « Kris Jézu, li minm ki mouri, pi plis ki résisité, ki adouat Bondié, k-ap pran défans nou-an » (Rm 8, 34), li prézan diféran fason nan l’Égliz li-a (cf. LG 48) : nan paròl li-a, nan priyè l’Égliz li-a, « koté gin dé oubyin toua moun ki rasanblé o non-m, mouin la nan mitan-yo » (Mt 18, 20), nan pòv-yo, malad-yo, prizonié-yo (Mt 25, 31-46), nan sakréman li-minm l-ap fè-yo, nan Sakrifis Mès-la épi nan minis-la pèsonèlman. Min « [li prézan] *nan pi ro dégré anba éspès ékaristik-yo* » (SC 7).
- 1088            1374            Modalité prezans Kris-la anba éspès ékaristik-yo san parèy. Li lévé Ékaristi-a anlè tout lòt sakréman-yo épi poutèt sa li sé « tankou achèvman lavi spirituèl-la épi finalité tout sakréman-yo » (S. Thomas d’A., s. th. 3, 73, 3). Nan Trè Sin Sakréman Ékaristi-a ginyin *vrèman, réyèlman épi substansièlman* kò ak san ansanm ak nanm épi divinité Granmèt nou-an Jézu-Kri épi an konsékans *Kris-la toutantié* » (Cc Trente : DS 1651). « Prézans sa-a yo di li “réyèl” pa antan yo mété lòt-yo akoté, kòmsi yo pa t-a “réyel”, min paréksélans, paské li *substansièl*, ki fè tout Kris-la toutantié, Bondié épi moun, vîn prézan » (MF 39).
- 1375            1105            Nan sakréman sa-a, Kris-la vîn prézan palintèmèdiè *konvèzion* (chanjman) pin-an ak divin-an nan kò ak san Kris-la. Pèr l’Égliz-yo té déklaré byin fèm lafoua l’Égliz-la nan éfikasité paròl Kris-la ak aksion Éspri-Sin-an pou réalisé konvèzion (chanjman) sa-a. Konsa sin Jan Krizostòm déklaré :
- 1128            « Sé pa moun-nan réyèlman ki fè sa yo prezanté-yo vîn tounin kò ak san Kris-la, min sé Kris-la li-minm yo té krisifié pou nou-an. Prèt-la kanpé antan-l ranpli ròl-la l-ap di paròl sa-yo : min puisans-la ak lagras-la sot nan Bondié. Li di : *Sa-a sé kò mouin.* Paròl sa-a transfòmé sa yo prezanté-yo » (prod. Jud. 1, 6 : PG 49, 380C).
- Épi sint Anbrouaz di osijè konvèzion (chanjman) sa-a :
- 298            Nou gin konviksion « sa-a sé pa sa natu-a té fòmè-a, min sa bénédikcion-an konsakré-a, bénédikcion-an gin pi gran fòs pasé natu-a, paské ak bénédikcion-an minm natu-a vîn chanjé ». « Paròl Kris-la donk, ki té kapab fè égzisté apati anyin sa-k pa-t égzisté, pa t-a kapab chanjé sa-k égzisté-yo nan sa yo pa-t yé-a ? Réyèlman sa pa pi piti pou bay réalité-yo yon natu tou nèf pasé pou chanjé-l » (myst. 9, 50. 52 : PL 16, 405-406).

- 1376        Konsil Trant-la rézimé lafoua katolik-la antan-l dékläré : « Paské Kris Rédanmtè nou-an té di vrèman sé kò li sa-l t-ap ofri anba éspès pin-an, sé pousta nan l'Égliz Bondié-a té toujou gin konvikssion sa kounié-a yon lòt foua Sinòd sa-a ki sin-an dékläré-a : palintèmèdiè konsékrasion pin-an ak divin-an gin yon konvèzion (chanjman) ki rivé ki fè tout substans pin-an vîn substans kò Kris-la Granmèt nou-an, épi tout substans divin-an vîn substans san-li. Konvèzion sa-a (chanjman sa-a) sé ak rézon épi osans pròp sint Égliz katolik-la té rélé-l *trans-substansiation* » (DS 1642).
- 1377        Prätzans ékaristik Kris-la kòmansé dépi moman konsékrasion-an épi li diré toutotan éspès ékaristik-yo kontinué égzisté. Kris-la la toutantié intégralman anba chak éspès-yo épi toutantié intégralman nan moso yo, yon fason pou kasé yo kasé pin-an pa divizé Kris-la » (cf. Cc. Trente : DS 1641).
- 1378        *Kult Ékaristi-a.* Nan litiji Mès-la, nou éksprimé lafoua-nou nan prezans réyèl Kris-la anba éspès pin-an ak divin-an, pamidòt, antan nou mét ajénou oubiyin nou panché byin ba kòm sign adorasion Granmèt-la. « Kult adorasion sa-a (latri) yo doué bay sakréman Ékaristi-a, l'Égliz Katolik-la non sèlman anndan min tout bon vré andéyò sélébrasion Mès-la té montré épi montré-l antan-l konsèvé losti konsakré-yo ak anpil souin, antan-l prezanté yo bay fidèl-yo pou yo vénéré yo solanèlman, antan yo poté yo nan prosésion anpil foul pèp-la ak kè kontan » (MF 56).
- 1379        Rézèv ki sin-an (tabènak-la) té déstiné toubabò pou konsèvé Ékaristi-a ak dignité pou yo té kapab poté-l andéyò Mès-la bay sa-k malad-yo oubiyin ki té absan-yo. L'Égliz-la, antan li antré pi afon nan lafoua osijè prezans réyèl Kris-la nan Ékaristi-a, vîn pran konsians signifikasian adoraison Kris-la an silans ki prézan anba éspès ékaristik-yo. Sé poutèt sa, yo doué mété tabènak-la nan yon koté ki patikilièman dign nan l'Égliz-la ; yo doué konstrui-l pou souligné épi manifésté vérité prezans réyèl Kris-la nan Trè Sin Sakréman-an.
- 1380        Sa té vrèman konvnab pou Kris-la té vlé rété prézan nan l'Égliz li-a nan fason san parèy sa-a. Paské Kris-la t-apral kité moun pa-l yo dapré fòm vizib-la, li té vlé fè nou kado prezans sakramantèl li-a ; paské li t-apral ofri pròp tèt-li pou-l sové nou, li té vlé nou gin mémorial rinmin sa-a ki fè « sé jouskalafin li rinmin » nou-an (Jn 13, 1), joustan li bay pròp lavi-l. Réyèlman vré, nan prezans ékaristik li-a, li-minm li rété nan mitan nou yon fason kaché kòm Sa-a ki té rinmin nou-an épi ki té rinmèt pròp tèt-li pou nou-an (cf. Ga 2, 20), épi li rété anba sign k-ap éksprimé épi kominké rinmin sa-a :
- 2715        « L'Égliz-la épi moun-yo sou tè-a vrèman békouin kult ékaristik-la. Jézu ap tann nou nan sakréman charité sa-a. An nou pa réfizé ba li tan-nou pou n-al rankontré-l avèk adorasion, avèk yon kontanplasion plin lafoua ki paré pou konpansé fot ak krim grav moun-yo sou tè-a. Sé pou adoraison nou-an pa janm sispann fè progrè » (Jean Paul II, l. "Dominicæ cenæ" 3).

1381            « Véritab kò Kris-la épi véritab san Kris-la preznan nan sakréman sa-a,  
 jan sin Toma di-a “sé pa ak sans-yo ou kapab kapté-l, min *sèlman ak lafoua*, ki apuiyé sou otorité Bondié-a. Sé pousa antan l-ap kòmanté Luk  
 156            22, 19 : *Sa-a sé kò mouin y-ap bay pou nou-an*, sin Siril d’Aléksandri di :  
 215            Pa douté si sa sé vré ; min pito résévoua paròl Sovè-a nan lafoua ; paské  
 sé vérité li yé réyèlman, li pa bay manti” » (Thomas d’A., s. th. 3, 75, 1  
 cité par Paul VI, MF 18) :

« M-ap adoré ak tout kè-m, Bondié ki kaché-a,  
 ou minm ki anba fòm sa yo vrèman kaché :  
 ou minm kè-m toutantie soumèt li ba-ou,  
 paské antan l-ap kontanplé-ou li fébli toutantie.

Ouè-a, gouté-a, touché-a, tronpé nan ou ;  
 min sé tandé-a sèlman yo kouè avèk asirans.  
 Mouin kouè ninpòt kisa Ptit Bondié-a té di :  
 pa gin anyin ki pi vré pasé paròl Vérité-a » (AHMA 50, 589).

## VI. Manjé fèt Pak-la

1382            Mès-la san séparasion sé sakrifis an mémorial koté Sakrifis koua-a  
 kontinué preznan épi an minm tan résépsion sakré Kominion kò ak san  
 950            Granmèt-la. Min sélébrasion Sakrifis ékaristik-la orienté totalman pou fè  
 fidèl-yo vîn fè youn yon fason intim ak Kris-la palintèmèdiè Kominion-  
 an. Kominié sé résévoua Kris-la li-minm ki té ofri tèt-li pou nou.

1383            *Otèl-la*, sé alantou-l l’Égliz-la rasanblé pou sélébrasion Ékaristi-a, li  
 1182            reprézenté dé aspè minm mistè-a : otèl sakrifis-la épi tab Granmèt-la, épi  
 sé konsa pi plis toujou paské otèl krétyin-an sé sinbòl Kris-la li-minm ki  
 preznan nan mitan asanblé fidèl li-jo, an minm tan kòm viktim yo ofri pou  
 rékonsiliasion nou-an épi kòm manjé sièl-la ki ba nou pròp tèt-li. « Kisa  
 otèl Kris-la yé réyèlman si sé pa fòm (imaj) kò Kris-la ? » sé sa sint  
 Anbrouaz di (sacr. 5, 7 : PL 16, 447C), épi yon lòt koté : « Otèl-la sé fòm  
 (imaj) kò-a épi kò Kris-la sou otèl-la » (sacr. 4, 7 : PL 16, 437D). Litiji-a  
 eksprimé kijan sakrifis-la épi Kominion-an fè yon sèl nan pliziè priyè.  
 Konsa l’Égliz Ròm-nan priyé nan anafòr li-a :

« Bondié ki gin tout pouvoua, n-ap priyé ou, fè sa n-ap ofri-a rivé dévan lotèl  
 ki anro-a nan sièl, nan bëlté ou. Konsa, lè n-a manjé kò ak san Ptit ou-a, ki  
 sakrifié anro lotèl la, nou va jouinn tout kalité favè ak tout kalité  
 bénédiksion » (Prex eucharistica I seu Canon Romanus, 96: Missale  
 Romanum).

## « Pran, manjé ladan-l nou tout » : Kominion

1384            Granmèt-la adrésé nou yon invitasion présé pou nou résévoua-l nan  
 2835            sakréman Ékaristi-a : « Amèn, amèn mouin di nou : Si nou pa manjé chè

Pitit moun-nan, épi nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou minm » (Jn 6, 53).

- 1385 Pou nou kapab réponn invitasion sa-a, nou doué *préparé nou* pou moman sa-a ki tèlman gran épi sin. Sin Pòl ankourajé fè égzamin konsians-la : « Moun ki t-a manjé pin-an oubyin bouè kalis Granmèt-la, san-l pa mérité, l-ap koupab kò ak san Granmèt la. Sé pou yon moun égzaminé pròp tèt-li épi konsa nan pin-an sé pou-l manjé épi nan kalis-la sé pou-l bouè ; sa-k manjé-a réyèlman épi ki bouè-a sé yon jijman pou pròp tèt-li li manjé épi li bouè antan li pa distingé kò-a » (1 Co 11, 27-29). Moun ki konsian li gin yon péché grav doué résévoua sakréman Rékonsiliation-an anvan-l vîn nan Kominion-an.
- 1457
- 1386 Dévan grandè sakréman sa-a, fidèl-la pa kapab pa répété paròl santurion-an ak umilité épi yon lafoua ki cho (cf. Mt 8, 8) : « *Granmèt mouin pa mérité pou-ou antré anba fétay kay mouin, min sèlman di yon paròl, épi nam mouin ap géri* ». Épi nan divîn litiji sin Jan Krizostòmn-an, fidèl-yo priyé nan min espri-a :
- 732 « Fè-m kominié jodi-a nan Soupé mistik ou-a, ou-minm Pitit Bondié-a. Paské mouin pap di ènmi-ou yo sékrè-ou la, ni mouin pap ba-ou bo Juda-a. Min, tankou laron-an, m-ap rélè koté-ou : Sonjé-m, Granmèt, nan Rouayòm ou-an » (Liturgia Byzantina. Anaphora Iohannis Chrysostomi, Prex ante Communionem: PG 63, 920).
- 1387 Pou fidèl-yo préparé yo jan ki konvnab pou résévoua sakréman sa-a, sé pou yo obsèvé jèn yo préskri nan Égliz yo-a (cf. CIC, can. 919). Dispozision kò-a (jès, vètman) ap éksprimé respè, solanité, kè kontan moman sa-a koté Kris-la fè ladésant lakay nou.
- 2043
- 1388 Sa konfòm ak signifikasyon Ékaristi-a pou fidèl-yo, si yo gin dispozision yo doué ginyin-yo (cf. CIC 916), *kominié lè yo patisipé* nan Mès-la (Nòt : Nan minm jounin-an, fidèl-yo kapab résévoua trè Sint Kominion-an dé foua, épi sèlman dé foua [cf. Pontificia Commissio Codicis Iuris Canonici authentice interpretando, Responsa ad proposita dubia, 1 : AAS 76 (1984), p. 746]) : « Nou rékòmandé avèk fòs pou fidèl-yo rivé nan patisipasion ki gin plis pefeksion nan Mès-la, koté fidèl-yo, apré prêt-la fin kominié, yo minm tou yo nouri nan minm sakrifis Granmèt-la » (SC 55).
- 1389 L'Égliz-la mété obligasion pou fidèl-yo « gin pou yo patisipé nan divîn litiji-a jou Dimanch-yo épi fèt-yo » (cf. OE 15) épi pou yo résévoua Ékaristi-a, omouins yon foua nan ané-a, nan tan Pak si sa posib (cf. CIC, can. 920), antan yo préparé ak sakréman Rékonsiliation-an. Min l'Égliz-la rékòmandé fidèl-yo avèk fòs pou yo résévoua sint Ékaristi-a jou Dimanch-yo ak fèt-yo, oubyin minm pi souvan, épi minm chak jou.
- 2837

1390 Poutèt prezans sakramantèl Kris-la anba toulèdé espès-yo, kominion sou espès pin-an sèlman pèmèt résévoua tout frui lagras Ékaristi-a. Poutèt rézon pastoral, fòm sa-a pou résévoua Kominion-an, sé li minm ki établi yon fason léjitim kòm pi abituèl nan rit latin-an. « Kominion sakré-a vîn gin fòm ki pi konplè sou plan sign-nan lè yo fè-l sou toulèdé espès-yo. Lè sa-a aspè sign bankè ékaristik la vîn parèt pi byin » (IGMR 281). Fason sa-a pou résévoua Kominion-an sé li ki abituèl nan rit oriantal-yo.

### Frui Kominion-an

1391 *Kominion-an fè nou vîn fè youn pi plis ak Kris-la.* Résévoua Ékaristi-a  
 460 nan Kominion-an, gin kòm frui prinsipal pou-l minnin fè youn yon fason intim ak Kris Jézu. Réyèlman vré Granmèt-la di : « Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, li rét nan mouin épi mouin minm nan li » (Jn 6, 56). Lavi nan Kris-la jouinn fondman-l nan résépsion ékaristik-la : « Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv tou akòz mouin » (Jn 6, 57) :

« Lè nan fèt [Granmèt-la] pèp-la résévoua kò Pitit-la, youn proklamé Bòn Nouvèl-la bay lòt : yo bay gaj lavi-a ; minm jan anj-la té di Mari [Madlèn] : “Kris-la résisité !”. Min li koulié-a, lavi ak réziréksion-an sé sa yo bay moun ki résévoua Kris-la » (Fanqîth, Office syriaque d'Antioche, volume 1, Commun, 237a-b).

1392 Sa manjé matérièl-la produi nan lavi kòporèl-la, Kominion-an réalisé-l  
 1212 yon fason admirab nan lavi spirituèl-nou. Kominion nan chè Kris-la ki résisité-a, « ki jouinn lavi épi ki bay lavi pa pouvoua Éspri-Sin-an » (PO 5), konsèvé, fè grandi épi rénouvlé lavi lagras nou résévoua nan Batèmn-an. Kouasans lavi krétyin sa-a békouin Kominion ékaristik-la, pin pèlerinaj nou-an, ki pou nourit nou tous nan lè lanmò-a, koté y-ap ba nou-l kòm viatik (manjé pou rout-la).

1393 *Kominion-an séparé nou ak péché-a.* Kò Kris-la nou résévoua nan Kominion-an, « sé pou nou yo rinnèt li », épi san-an n-ap bouè-a « yo vidé-l pou anpil moun pou padon péché-yo ». Sé poussa, Ékaristi-a ki fè nou fè youn ak Kris-la pa kapab pa purifié nou an minm tan sot anba péché nou té fè-yo épi prézèvè nou anba péché ki kapab vini-yo :

« Chak foua réyèlman n-ap manjé pin sa-a épi n-ap bouè kalis-la, sé lanmò Granmèt-la n-ap anonsé (1 Co 11, 26). Si n-ap anonsé lanmò-a nou anonsé padon péché-yo. Si, chak foua yo vidé san-an, sé pou padon péché-yo yo vidé-l, mouin doué toujou résévoua-l, pou-l toujou padoné péché-m yo. Mouin minm k-ap fè péché toujou, mouin doué toujou gin rémèd » (S. Ambroise, sacr. 4, 28 : PL 16, 446A).

1394 Minm jan nourit matérièl-la sèvi pou réstoré fòs yo pèdi, Ékaristi-a  
 1863 fòtifié charité-a ki gin tandans afébli nan lavi chak jou-a ; épi charité ki

1436 vivifié-a *éfasé péché vénier-yo* (cf. Cc. Trente : DS 1638). Antan Kris-la ba nou pròp tèt-li, li tounin bay rinmin nou-an lavi épi li fè nou tounin kapab kasé atachman dézòdoné nou ginyin pou kréatu-yo pou nou kapab anrasinin nan li :

« Poutèt donk Kris-la mouri pou nou nan charité-a, lè nou fè sonjé lanmò li-a nan moman sakrifis-la, nou mandé pou li ba nou charité-a gras a Avènman Éspri-Sin-an ; n-ap mandé sa antan n-ap sipliyé, pou gras a minm charité-a ki fè Kris-la té aksépté yo krisifié-l pou nou-an, antan nou résévoua lagras Éspri-Sin-an, nou kapab konsidéré tè-a klouré sou koua-a épi nou minm tou nou krisifié ; [...] antan nou résévoua kado charité-a, nou mouri pou péché-a épi n-ap viv pou Bondié » (S. Fulgence de Ruspe, Fab. 28, 16-19 : CCL 19A, 813-814 : LH, sem. 28, lundi, off. lect.).

1395 Ak minm charité l-ap limin nan nou-an, Ékaristi-a *prézèvé nou sot anba péché mòtèl-yo* ki kapab vini-yo. Plis nou patisipé nan lavi Kris-la,  
1855 sé plis nou fè progrè nan zanmi avèk li, sé pi plis li vîn difisil pou nou séparé ak li palintèmèdiè péché mòtèl-la. Ékaristi-a pa fèt pou padon péché mòtèl-yo. Sa-a pròp pou sakréman Rékonsiliasion-an. Sa-k pròp pou Ékaristi-a, sèké li sé sakréman moun ki nan kominion l'Égliz-la anplin.

1396 *Unité kò mistik-la : Ékaristi-a fè l'Égliz-la.* Moun ki résévoua Ékaristi-a vîn fè youn pi séré ak Kris-la. Poutèt sa, Kris-la fè tout fidèl-yo fè youn nan yon sèl kò : l'Égliz-la. Inkòporasion sa-a nan l'Égliz-la, sa Batèm-nan déjà réalisé-a, Kominion-an rénouvlé-l, ranfòsé-l épi fè-l vîn pi fon. Nan Batèm-nan yo rélé nou pou-n fòmé yon sèl kò (cf. 1 Co 12, 13). Ékaristi-a akonpli apèl sa-a : « Kalis bénédiksion-an n-ap bénî-an, èské sé pa kominion san Kris-la ? Épi, pin-an n-ap kasé-a, èské sé pa kominion kò Kris-la ? Paské sé yon sèl pin, yon sèl kò, anpil nou yé, nou tout réyèlman sé nan yon sèl pin-an nou patisipé » (1 Co 10, 16-17) :

1064 « Si donk nou sé kò Kris-la épi manb-li, mistè nou-an dépozé sou Tab Granmèt-la : nou résévoua mistè nou-an. Pou sa nou yé-a, nou réponn Amèn [Sètènman, sé vré], épi antan nou réponn-nan nou signin. Ou tandé réyèlman, kò Kris-la ; épi ou réponn, Amèn. Sé pou-ou manb nan kò Kris-la, pou Amèn ou-an kapab vérité » (S. Augustin, serm. 272 : PL 38, 1247).

1397 *Ékaristi-a angajé nou aléga pòv-yo* : pou nou kapab résévoua kò ak  
2449 san Kris-la yo rinnèt pou nou-an nan vérité, nou doué rékonèt Kris-la nan sa-k pi pòv-yo, frè-l yo (cf. Mt 25, 40) :

« Ou té gouté san Granmèt-la, épi ou pa rékonèt frè-ou konsa ; [...] kounié-a minm sé tab li-a minm ou-ap dézonoré, antan moun ki té gin dignité patisipé nan tab sa-a, ou pa éstimé li mérité patisipé nan manjé-ou la. [...]. Bondié té libéré-ou anba tout [péché-yo], épi té fè-ou dign pou kalité tab sa-a : min ou-minm, minm konsa ou pa-t vîn gin plis byinvéyans » (S. Jean Chrysostome, hom. in 1 Cor. 27, 4 : PG 61, 229-230).

- 1398      Ékaristi-a épi unité krétyin-yo. Dévan grandè mistè sa-a sint Ogustin dékläré : « *Min sakréman piété-a ! Min sign unité-a ! Min chinn charité-a !* » (ev. Jo. 26, 6, 13 ; cf. SC 47). Sa fè yo ouè divizion-yo bay plis soufrans paské yo kasé patisipasion komin nan tab Granmèt-la, sé pou sa n-ap priyé ak plis insistans kot Granmèt-la pou jou unité anplin-an tounin pou tout moun ki kouè nan li-yo.
- 1399      Égliz oriental-yo ki pa nan kominion anplin avèk l'Égliz katolik-la, 817  
838      sélébré Ékaristi-a ak anpil rinmin. « Égliz sa-yo, minm si yo séparé, [yo gin] véritab sakréman-yo [...], sitou réyèlman, poutèt fòs siksesion apostolik-la, sasèrdòs-la épi Ékaristi-a, ki fè yo rété fè youn ak nou toujou ak rapò ki byin séré » (UR 15). Sé pou sa, « yon sètin kominion *in sacris* pa sèlman posib min minm souétab, lè sikstans favorab-yo prezanté épi ak aprobasion otorité ékléziastik-yo » (UR 15 ; cf. CIC, can. 844, § 3).
- 1400      Kominoté éklézial-yo ki sot nan Réfòm-nan, yo séparé ak l'Égliz 1536  
katolik-la, yo pa konsèvé « substans otantik épi intégral mistè ékaristik-la sitou paské yo manké sakréman Òrd-la » (UR 22). Sé poutèt sa, pou l'Égliz katolik-la, kominion ékaristik avèk kominoté sa-yo pa posib. Poutan, kominoté éklézial sa-yo « lè yo fè sonjé lanmò ak reziréksion Granmèt-la nan sint Sèn-nan, yo dékläré yo vlé di lavi-a sé nan kominion ak Kris-la épi y-ap tann Avènman-l nan gloua-a » (UR 22).
- 1401      Lè gin yon nésésité grav ki présé, dapré jijman Òordinè-a, minis katolik- 1483  
yo kapab bay krétyin ki pa nan kominion anplin avèk l'Égliz katolik-la sakréman yo (Ékaristi-a, Pénitans-la, Onksion malad-yo), min sé pou sa-yo ki mandé-l spontanéman : lè sa-a yo doué dékläré lafoua katolik-la 1385  
osijè sakréman sa-yo épi trouvé-yo nan dispozision ki nésèsè pou sa (cf. CIC, can. 844, § 4).

## VII. Ékaristi-a – « Gaj (Avaloua) gloua ki gin pou vini-an »

- 1402      Nan yon ansyin priyè, l'Égliz-la aklamé mistè Ékaristi-a : « Ala yon 1323  
féstin sakré, koté yo résévoua Kris-la : yo raplé souvni soufrans li-a, léspri-nou plin avèk gras, épi yo ba nou avaloua gloua tout tan-an » (In Sollemnitate ss.mi corporis et sanguinis Christi, Antiphona ad « Magnificat » in II Vesperis: Liturgia Horarum, editio typica, v. 3). Si Ékaristi-a sé mémorial Pak Granmèt-la, si gras a Komision nou-an sou otèl-la nou ranpli ak « tout kalité favè ak tout kalité bénédikson [sièl-la] » 1130  
(MR, Canon Romain 96 : "Suplices te rogamus"), Ékaristi-a sé yon antisipasion gloua sièl-la tou.
- 1403      Nan dènié Soupé-a, Granmèt-la li-minm té dirijé disip li-yo pou yo konsidéré akonplisman Pak-la nan Rouayòm Bondié-a : « Mouin di nou : Mouin pap bouè nan frui pié rézin sa-a ankò, jus nan jou sa-a, lè m-a

671 bouèl avèk nou tou nouvo nan péyi-roua Papa-m nan » (Mt 26, 29 ; cf. Lc 22, 18 ; Mc 14, 25). Chak foua l'Égliz-la sélébré Ékaristi-a, li sonjé promès sa-a épi li viré gadé « Sa-a k-ap vini-an » (Ap 1, 4). Nan priyè li-a l-ap mandé pou Avènman-l nan fêt : « *Marana tha* » (1 Co 16, 22), « Vini, Granmèt Jézu ! » (Ap 22, 20), « Sé pou lagras vini épi pou tè sa-a pasé ! » (Didaché 10, 6).

1404 L'Égliz-la konnin dépi kounié-a Granmèt-la vini nan Ékaristi-a, épi li la nan mitan nou. Poutan prezans sa-a voualé. Sé pousa, nou sélébré Ékaristi-a antan « n-ap espéré byin ou promèt nou-an : Sovè nou, Jézu-Kri k-ap vini-an » (Embolisme après le Notre Père ; cf. Tt 2, 13), antan n-ap priyé pou nou « rivé koté ou kòmandé-a [...] pou n-al joui ansam [...] nan bëlté-a pou tout tan. Lè ou a suiyé tout dlo nan jé, Bondié-nou, n-a ouè ou, jan ou yé-a, n-a minm jan avèk ou pou tout tan, épi n-a toujou fè louanj pou ou pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, ki fè nou kado tou sa ki bon » (MR, prière eucharistique III, 116 : prière pour les défunts).

1405 Pou gran espérans sa-a, espérans nouvo sièl-yo épi nouvo tè-a koté  
 1042 jistis-la ap abité-a (cf. 2 P 3, 13), nou pa gin okinn gaj ki pi asiré ni sign ki pi klè pasé Ékaristi-a. Réyèlman vré, chak foua yo sélébré mistè sa-a « travay Rédanmsion nou-an akonpli » (LG 3) épi nou « [kasé] yon sèl pin-an, ki médikaman pou nou pa kapab mouri épi rémèd ki anpéché lanmò-a, min pou nou kapab toujou viv nan Jézu-Kri » (S. Ignace d'Antioche, Eph. 20, 2).

## RÉZIMÉ

1406 Jézu té di : « *Mouin sé pin vivan-an ki té désann sot nan sièl-la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan [...]. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an, [...] li rét nan mouin épi mouin minm nan li* » (Jn 6, 51. 54. 56).

1407 Ékaristi-a sé kè épi sé pouint ki pi ro lavi l'Égliz-la, paské nan li Kris-la asosié l'Égliz li-a ak tout manb li-yo nan sakrifis louanj ak aksion-d-gras li-a, sa-l té ofri bay Papa li-a yon sèl foua pou tout sou kouaa ; palintèmèdiè sakrifis sa-a li vidé lagras sové-a sou kò-l ki l'Égliz-la.

1408 Sélébrasion ékaristik-la toujou impliké : proklamasion Paròl Bondié-a, aksion-d-gras pou Bondié Papa-a pou tout byinfè li-yo, sitou pou kado Ptit li-a, konsékrasion pin-an ak divin-an épi patisipasion nan répa litijik-la palintèmèdiè résépsion kò ak san Granmèt-la. Éléman sa-yo fòmè yon sèl minm akt kult.

- 1409 Ékaristi-a sé mémorial *Pak Kris-la* : sètadi, travay sové nou-an ki réalisé palintèmèdiè lavi *Kris-la*, lanmò-l épi reziréksion-l, travay ki vîn prézan palintèmèdiè aksion litijik-la.
- 1410 Sé *Kris-la li-minm*, Prèt an chèf *Nouvo Alians-la* pou tout tan-an, k-ap ofri Sakrifis ékaristik-la palintèmèdiè ministè prèt-la. An plis sé minm *Kris-la antan-l réyèlman* prézan anba espès pin ak divin-an ki ofrann Sakrifis ékaristik-la.
- 1411 Sé sèlman prêt ki òrdoné validman-yo ki kapab prezidé Ékaristi-a épi konsakré pin-an ak divin-an pou yo tounin kò ak san Granmèt-la.
- 1412 Sign ésansièl sakréman Ékaristi-a sé pin ki fèt ak blé épi divin ki fèt ak rézin, prèt-la invoké bénédiksion Éspri-Sin-an sou yo épi li prononsé paròl konsékrasion-an Jézu té di nan dènié *Soupé-a* : « Sa-a sé kò mouin m-ap bay pou nou-an. [...] Sa-a sé kalis san mouin-an ».
- 1413 Gras a konsékrasion-an trans-substansiasion-an vîn fè pin-an ak divin-an tounin kò ak san *Kris-la*. Anba espès pin-an ak divin-an ki konsakré-a, sé *Kris-la li-minm*, vivan épi nan gloua-a, ki vîn prézan vrèman, réyèlman, substansièlman, kò-l ak san-l ansanm avèk nanm-li ak divinité-l (cf. Cc. Trente : DS 1640 ; 1651).
- 1414 Kòm yon sakrifis, yo ofri Ékaristi-a pou réparasian péché ni vivan-yo ni défin-yo, épi pou rivé jouinn bénéfis spirituel épi tanporèl nan min Bondié.
- 1415 Moun ki vlé résévoua *Kris-la* nan Kominion ékaristik-la, doué an éta-d-gras. Si yon moun gin konsians li fè yon péché mòtèl, li pa doué proché kot Ékaristi-a, si-l pa jouinn absolusion nan sakréman Pénitans-la anvan.
- 1416 Sint Kominion nan kò ak san *Kris-la* ogmanté union moun k-ap kominié-a avèk Granmèt-la, li padoné péché vénîèl-yo épi li prezèvè-l anba péché grav-yo. Poutèt li ranfòsé chinn charité-a ant moun k-ap kominié-a épi *Kris-la*, résévoua sakréman sa-a ranfòsé unité l'Égliza, kò mistik *Kris-la*.
- 1417 L'Égliz-la rékòmandé fidèl-yo avèk fòs pou yo résévoua sint Kominion-an lè y-ap patisipé nan sélébrasion Ékaristi-a ; li mété obligation pou bagay sa-a omouins yon foua nan ané-a.
- 1418 Kòm *Kris-la* prézan nan Sakréman otèl-la, yo doué onoré-l ak kult adorasion. Vizit Trè Sin Sakréman-an sé « yon prèv rékonésans [...] épi yon gaj rinmin épi yon dévoua adorasion aléga *Kris Granmèt-la* » (MF).
- 1419 Lè *Kris-la* t-ap travèsé sot sou tè sa-a al jouinn *Papa-a*, li té ba nou nan Ékaristi-a yon gaj gloua-a bò koté-l : patisipasian nan sint

*Ékaristi-a fè kè-nou sanblé avèk pa-l, soutni fòs-nou pandan pélérinaj lavi sa-a, fè nou anvi lavi pou tout tan-an épitou fè nou déjà fè youn ak l'Égliz sièl-la, ak Trè Sint Vièj-la épi tout sin-yo.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)